

Non: _____



Haitian Creole Edition
Grade 7 2022
Mathematics Test
Session 1
April 26–28, 2022

**Pwogram Egzamen
Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Seyans 1**

Ane 7

26–28 Avril 2022

RELEASED QUESTIONS

Developed and published under contract with the New York State Education Department by Questar Assessment Inc., 5550 Upper 147th Street West, Minneapolis, MN 55124. Copyright © 2022 by the New York State Education Department.

Ane 7 Fèy Referans Matematik

KONVÈSYON

1 pous = 2,54 santimèt

1 mètr = 39,37 pous

1 mil = 5.280 pye

1 mil = 1.760 yad

1 mil = 1,609 kilomèt

1 kilomèt = 0,62 mil

1 liv = 16 ons

1 liv = 0,454 kilogram

1 kilogram = 2,2 liv

1 tòn = 2.000 liv

1 tas = 8 ons likid

1 pent = 2 tas

1 ka = 2 pent

1 galon = 4 ka

1 galon = 3,785 lit

1 lit = 0,264 galon

1 lit = 1.000 santimèt kib

FÒMIL

Triyang

$$A = \frac{1}{2}bh$$

Paralelogram

$$A = bh$$

Sèk

$$A = \pi r^2$$

Sèk

$$C = \pi d \text{ oswa } C = 2\pi r$$

Prism Jeneral

$$V = Bh$$

Seyans 1



KONSÈY POU PRAN EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou fè chwa ou.
- Yo ba w enstriman matematik (yon règ, yon rapòtè ak yon kalkilatri) epi yon gen fèy referans ladan pou sèvi pandan egzamen an. Se ou ki pou konnen kilè pou sèvi ak chak grenn enstriman ak fèy referans la tou. Ou dwe sèvi ak enstriman matematik yo avèk fèy referans la tou nenpòt ki lè w panse l ap ede w reponn yon kesyon.

1 Selon yon rapò meteyo, pwobablite pou li fè lapli demen an se 0,13. Ki mo ki dekri chans ki genyen pou fè lapli demen?

- A sèten
- B enposib
- C pwobab
- D enpwobab

2 De magazen gen yon piblisite sou yon rabè pou menm kalite mont la. Nan toude magazen yo, pri orijinal mont la te \$35,00.

- Rabè Magazen A pou mont la se 20%.
- Rabè Magazen B pou mont la se 15%.

Konbyen an mwens pri yo mete rabè sou mont la nan Magazen A ye pase pri yo mete rabè pou mont la nan Magazen B ?

- A \$1,75
- B \$5,00
- C \$5,25
- D \$7,00

KONTINYE

4

Yon jiwèt gen senk seksyon menm gwosè ak koulè ble, wouj, oranj, jòn, ak vèt. Yo te tounen flèch jiwèt la 50 fwa pandan yon eksperyans. Nou montre rezilta yo nan tablo ki anba la a.

**REZILTA
EKSPERYANS LA**

Koulè	Frekans
Ble	12
Wouj	15
Oranj	6
Jòn	10
Vèt	7

Selon rezilta yo, ki pwobablite eksperimantal pou nenpòt fwa yo tounen l, flèch la pral tonbe sou seksyon wouj la?

- A $\frac{1}{15}$
- B $\frac{1}{5}$
- C $\frac{3}{7}$
- D $\frac{3}{10}$

5

Ki ekspresyon ki ekivalan ak $-3(2x - 8) + 4x$?

- A $-2x - 8$
- B $-2x + 24$
- C $-10x - 8$
- D $-10x + 24$

KONTINYE

9

Ansanm done ki anba la a reprezante distribisyon tanperati wo chak jou nan yon vil pou 8 jou.

79, 73, 72, 70, 72, 66, 81, 75

Konbyen degre Farennay medyàn tanperati wo chak jou a ye nan vil la?

- A 71
- B 72,5
- C 73
- D 73,5

10

Piba a se meni yon boutik ki vann krèm glase.

MENI KRÈM GLASE		
<u>Gwosè</u>	<u>Gou</u>	<u>Ganiti</u>
Piti	Vaniy	Tranpèt
Mwayèn	Chokola	Soupoudre
Gwo	Frèz	Kouch Krakan

Konbyen chwa diferan nan yon gwosè, yon gou, ak yon ganiti yo ka fè de meni a?

- A 3
- B 9
- C 18
- D 27

KONTINYE

11

Pri pou 10 ons mitil òganik se \$2,70. Ki ekwasyon ou ka itilize pou detèmine x , pri a, an dola, pou 30 ons mitil òganik ?

A $\frac{10}{2,7} = \frac{x}{30}$

B $\frac{2,7}{10} = \frac{30}{x}$

C $\frac{10}{2,7} = \frac{30}{x}$

D $\frac{2,7}{30} = \frac{x}{10}$

KONTINYE

19 Ki ekspresyon ki gen menm valè ak ekspresyon ki anba la a?

$$-\frac{3}{8} - \frac{7}{8}$$

A $\frac{3}{8} + \frac{7}{8}$

B $-\frac{3}{8} + \frac{7}{8}$

C $\frac{3}{8} + \left(-\frac{7}{8}\right)$

D $-\frac{3}{8} + \left(-\frac{7}{8}\right)$

20 Yon kizinye fè 150 tas chili epi vann 60% ladan. Yon pòsyon chili a se $1\frac{2}{3}$ tas. Konbyen pòsyon chili li te vann?

A 36

B 54

C 90

D 100

21 Lè solèy la t ap kouche, yon tèmomèt te gen yon lekti 4°F . Pandan lannuit, tanperati a te diminye 15°F . Apre li te diminye a, konbyen degre total tanperati a dwe chanje pou tèmomèt la li 0°F ?

A 4°F

B 11°F

C 15°F

D 19°F

KONTINYE

25 Yon jadye itilize yon total 61,5 galon gazolin nan yon mwa. Nan kantite total gazolin nan, li te itilize $\frac{3}{5}$ nan machin pou koupe zèb nan gazon li yo. Konbyen galon gazolin jadye a itilize nan machin pou koupe gazon li yo nan yon mwa?

- A 12,3
- B 24,6
- C 26,5
- D 36,9

26 Yon aparèy nan yon faktori fè $2\frac{1}{4}$ liv klou nan $1\frac{1}{2}$ èdtan. Nan ki to, an liv pa èdtan, aparèy la fè klou yo?

- A $\frac{2}{3}$
- B $\frac{3}{4}$
- C $1\frac{1}{2}$
- D $3\frac{3}{4}$

KONTINYE

28

Tablo ki anba la a montre yon relasyon pwopòsyonèl ant x ak y .

x	y
0,50	0,750
1,25	1,875
3,00	4,500
6,75	10,125

Kisa ki konstan de pwopòsyonalite pou relasyon ant x ak y ?

- A 0,25
- B 0,50
- C 1,50
- D 1,75

KONTINYE

31 Mesye Jensen te achte yon biyè avyon sou yon sitwèb. Pri orijinal biyè avyon an te \$473,00. Li te itilize yon kòd kupon pou l te gen yon rabè 20%. Yo te mete yon taks 12% apre rabè a. Konbyen acha total la te ye pou pri biyè avyon an apre rabè a, ak taks ladan?

- A \$105,92
- B \$332,99
- C \$423,81
- D \$529,76

32 Ki valè $12,5 - \frac{31}{2} + 1\frac{1}{4}$ ye?

- A -20,25
- B -17,25
- C $-\frac{17}{4}$
- D $-\frac{7}{4}$

33 Sou yon kat, de vil gen yon distans 2,8 pous ant yo. Kat la gen yon echèl 1 pous pou 25 mil. Ki distans, an pous, menm de vil yo t ap ye sou yon kat ki gen yon echèl 1 pous pou 40 mil?

- A 1,20
- B 1,60
- C 1,75
- D 1,80

Ane 7
2022
Egzamen Matematik
Seyans 1
26–28 Avril 2022

Grade 7
2022
Mathematics Test
Session 1
April 26–28, 2022

Non: _____



Haitian Creole Edition
Grade 7 2022
Mathematics Test
Session 2
April 26–28, 2022

**Pwogram Egzamen
Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Seyans 2**

Ane 7

26–28 Avril 2022

RELEASED QUESTIONS

Developed and published under contract with the New York State Education Department by Questar Assessment Inc., 5550 Upper 147th Street West, Minneapolis, MN 55124. Copyright © 2022 by the New York State Education Department.

Ane 7 Fèy Referans Matematik

KONVÈSYON

1 pous = 2,54 santimèt

1 mètr = 39,37 pous

1 mil = 5.280 pye

1 mil = 1.760 yad

1 mil = 1,609 kilomèt

1 kilomèt = 0,62 mil

1 liv = 16 ons

1 liv = 0,454 kilogram

1 kilogram = 2,2 liv

1 tòn = 2.000 liv

1 tas = 8 ons likid

1 pent = 2 tas

1 ka = 2 pent

1 galon = 4 ka

1 galon = 3,785 lit

1 lit = 0,264 galon

1 lit = 1.000 santimèt kib

FÒMIL

Triyang

$$A = \frac{1}{2}bh$$

Paralelogram

$$A = bh$$

Sèk

$$A = \pi r^2$$

Sèk

$$C = \pi d \text{ oswa } C = 2\pi r$$

Prism Jeneral

$$V = Bh$$

Seyans 2



KONSÈY POU PRAN EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi oswa ou ekri repons ou an.
- Yo ba w enstriman matematik (yon règ, yon rapòtè ak yon kalkilatri) epi yon gen fèy referans ladan pou sèvi pandan egzamen an. Se ou ki pou konnen kilè pou sèvi ak chak grenn enstriman ak fèy referans la tou. Ou dwe sèvi ak enstriman matematik yo avèk fèy referans la tou nenpòt ki lè w panse l ap ede w reponn yon kesyon.
- Pa bliye montre kijan w fè jwenn repons lan lè yo mande ou sa.

- 34 Katelyn vle achte yon esketbòd ki koute \$75,00. Li ekonomize \$25,00 deja. Li koupe zèb gazon pou fè plis lajan epi li touche \$20,00 pou chak gazon li koupe. Ki inegalite ou te ka itilize pou detèmine kantite gazon, x , li pral bezwen koupe pou l ka gen ase lajan pou achte esketbòd la?

- A $25 + 20x \leq 75$
- B $25 + 20x \geq 75$
- C $20 + 25x \leq 75$
- D $20 + 25x \geq 75$

- 35 Yon antrenè konpare wotè jwè yo nan de ekip diferan. Nou montre ansanm done yo nan tablo ki anba la a.

WOTÈ JWÈ NAN DE EKIP YO

Ekip A Jwè Wotè (pous)	76	68	73	65	60	63	69	76
Ekip B Jwè Wotè (pous)	63	73	64	70	70	67	75	62

Selon done sa yo, ki deklarasyon ki vrè?

- A Mwayèn wotè jwè yo nan Ekip B pi gran pase mwayèn wotè jwè yo nan Ekip A.
- B Mwayèn wotè jwè yo nan Ekip A pi gran pase mwayèn wotè jwè yo nan Ekip B.
- C Medyàn wotè jwè yo nan Ekip B pi gran pase medyàn wotè jwè yo nan Ekip A.
- D Medyàn wotè jwè yo nan Ekip A pi gran pase medyàn wotè jwè yo nan Ekip B.

KONTINYE

36 Kisa ki valè ekspresyon ki anba la a?

$$-36 \div 9 + 3(-7) + 2$$

- A -23
- B -19
- C 9
- D 15

37 Yon kizinye itilize $1\frac{3}{4}$ ti kiyè sèl pou fè $3\frac{1}{2}$ liv pat. Kisa ki to inite a, an ti kiyè pa liv, kizinye a te itilize sèl pou fè pat?

- A $\frac{1}{2}$
- B 1
- C $1\frac{3}{4}$
- D 2

38 Ekspresyon $48y - 16$ la reprezante perimèt, an pye, yon kare. Ki ekspresyon ki reprezante longè, an pye, chak kote kare a?

- A $12y - 4$
- B $12y - 16$
- C $24y - 8$
- D $48y - 4$

KONTINYE

39 Ou ka itilize ekwasyon $y = 4,3x$ pou detèmine pri total la, y , an dola, x liv pòm. Kisa nonm 4,3 reprezante nan ekwasyon an?

- A kantite pòm an 1 liv
- B kantite pòm an x liv
- C pri 1 liv pòm
- D pri x liv pòm

40 Ki ekspresyon ki ekivalan ak ekspresyon ki anba la a?

$$2 + 3(2x + 5)$$

- A $7 + 6x$
- B $17 + 2x$
- C $17 + 6x$
- D $25 + 10x$

KONTINYE

41

Yon pwofesè ap fè yon sondaj ak yon gwoup elèv owaza konsènan preferans yo pou fè travay klas la sou entènèt oswa sou papye. Nou montre rezilta yo nan tablo ki anba la a.

**PREFERANS
TRAVAY ELÈV NAN KLAS**

Preferans	Kantite Elèv yo
Sou entènèt	17
Papye	8

Selon rezilta yo, konbyen elèv sou 350 ki pral **gen plis chans** pou prefere fè travay klas yo sou entènèt?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ elèv

KONTINYE

42

Marcy ap achte prim pou fè kado nan yon aktivite pou sanble lajan, jan li dekri anba a.

- Li gen \$250,00 pou depanse.
- Li achte 13 pas pou ale nan sinema pou \$9,50 yo chak.
- Li achte 3 kat kado ki vo \$25,00 yo chak.
- Li pral itilize rès lajan an pou achte ba bonbon ki koute \$1,75 yo chak.

Ki pi gran kantite ba bonbon l ap ka achte ak rès lajan an?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ ba bonbon

KONTINYE

43

Nan yon konpayi, yon enprimant enprime 175 paj nan 5 minit. Si kantite paj yo enprime a pwopòsyonèl selon lè a, an minit, kisa to inite a ye?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ paj pa minit

KONTINYE

44

Yon kizinye retire yon pake manje nan yon frizè epi li kòmanse dekonjele pake a.

- Tanperati inisyal pake manje a se -15°F .
- A midi, tanperati pake manje a te ogmante a 35°F .

Konbyen degre Farenay chanjman total nan tanperati pake manje a ye?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ $^{\circ}\text{F}$

KONTINYE

45

Manm yon klèb lekòl ap vann biyè pou yon aktivite pou sanble lajan. Objektif aktivite pou sanble lajan an se pou fè \$50,00 chak jou nan vann biyè. Lis ki anba la a montre pousantaj objektif la yo te reyalize chak jou.

- Nan premye jou a, manm yo te reyalize 90% objektif yo pou jounen an.
- Nan dezyèm jou a, manm yo te reyalize 6% an plis objektif yo pou jounen an.
- Nan twazyèm jou a, manm yo te reyalize 14% mwens objektif yo pou jounen an.

Konbyen lajan, an dola, manm yo te fè nan vann biyè pandan tout twa jou yo?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons \$ _____

KONTINYE

46

Yon elèv senplifye yon ekspresyon yon fason ki pa kòrèk. W ap jwenn ekspresyon an ak travay elèv la anba la a.

$$5 - \left(\frac{40}{5}\right)$$

Etap A: $5 + \left(\frac{-40}{-5}\right)$

Etap B: $5 + 8$

Etap C: 13

Nan ki etap elèv la te fè premye fot la? Pa bliye mete valè ekspresyon ki kòrèk la nan fòm ki pi senp lan nan repons ou an.

Eksplike repons ou an.

KONTINYE

47

Madmwazèl Boi depanse yon total \$175,00 pou 4 biyè admisyon ak pou pakin nan yon match bezbòl. Pri chak biyè admisyon se te menm kantite a , ak taks ladan. Pri pou pakin nan te \$25,00. Ekri yon ekwasyon ou ka itilize pou detèmine t , pri a , an dola, pou chak biyè admisyon, ak taks ladan.

Ekwasyon _____

Kisa pri a te ye, an dola, pou chak biyè admisyon, ak taks ladan?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons \$ _____

KONTINYE

48

Yon konpayi fabrike bidon dlo. Lis ki anba la a dekri kantite bidon dlo yo fabrike nan twa mwa.

- Fevriye: 4.100 bidon dlo
- Mas: 7% plis bidon dlo pase an fevriye
- Avril: 500 plis bidon dlo pase an mas

Kisa ogmantasyon pousantaj la ye, lè ou awondi nan pousantaj ki pi pre a, nan kantite bidon dlo konpayi a te fabrike ant fevriye ak avril?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ %

KANPE LA

Ane 7
2022
Egzamen Matematik
Seyans 2
26–28 Avril 2022

Grade 7
2022
Mathematics Test
Session 2
April 26–28, 2022